

Non ak adrès founisè a:

Dat: _____

AVI EKSEPSYON LIMITE POU MOUN KI APLIKE POU LÒT SÈVIS (Pou bay founisè lòt sèvis yo mande yo)

Ou resevwa avi sa a paske youn nan deklarasyon sa yo se verite: (1) ou se moun ki endike anwo a epi w ap mande sèvis pou tèt ou, (2) ou responsab pou peye pou sèvis yo pou moun ki endike anwo a, oswa (3) ou responsab pou jere finans moun ki endike anwo a.

Avi sa a aplike pou moun ki kounye a gen yon eksepsyon limite nan responsabilite l'OPWDD pou règ sèvis yo. **Eksepsyon sa a pral fini nan dat moun nan kòmanse resevwa nenpòt nan sèvis sa yo:**

- abilitasyon rezidansyèl nan yon rezidans altènatif endividyalize (IRA) oswa rezidans kominotè, oswa yon fwaye ebèjman.
- sèvis etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/IID)
- tretman lajounen
- abilitasyon lajounen
- jesyon swen
- abilitasyon kominotè
- sèvis prevokasyonèl
- repo
- sèvis anplwa akonpaye (SEMP)

Si eksepsyon limite a fini, nou ka fè w peye pou sèvis yo epi nou ka refize oswa sispann sèvis yo si nou pa resevwa peman. Moun nan, oswa yon lòt pati responsab, ap gen pou peye pou sèvis anplwa akonpaye a oswa repo a. Sinon, moun nan ap bezwen pwoteksyon Medicaid ki peye pou sèvis anplwa akonpaye a repo a epi pou l'enskri nan Sèvis Lakay ak Kominotè (HCBS). W ap pèdi eksepsyon limite ou a pou tout tan si Medicaid kòmanse peye pou sèvis anplwa akonpaye ou a oswa repo a.

N ap ba w yon Avi sou responsabilite pou moun k ap aplike pou sèvis yo, Fòm OPWDD LIAB 05.